



# PRAL GEN YON PWOGGRAM SWEN

## DANTÈ K AP FÈT NAN LEKÒL PITIT OU AN!

### Pitit ou an pral benefisye:

- Egzamen Dan
  - Fòmasyon sou fason pou li byen bwose dan li yo
  - Netwayaj Dantè (lè sa nesesè)
  - Mastik pou dan (si gen nesesite)
  - Tretman ak Fliyord
  - Bwòs dan, pat dantifris, fil dantè, ak liv sou swen dantè
  - Referans pou kontinye pran swen (si gen nesesite)
- Yo espesyalis ijyèn dantè ki sètifye nan Depatman Sante Florida (Florida Department of Health) pral bay sèvis dantè prevantif yo.
  - Yo pa pral bay pitit ou an okenn piki, medikaman, fè radyografi oswa plonbaj.
  - Aprè yo fin obsève pitit ou an, yo pral voye yon lèt pou ou nan kourye lapòs lakay ou ki pou eksplike ou ki sèvis pitit ou an te resevwa epi sèvis suivi ki nesesè yo.
  - Si Depatman Sante an te wè pitit ou an ane pase, ou pral bezwen ranpli yon nouvo fòm pèmisyon pou yo ka wè pitit ou an ankò.
  - Ou p ap resevwa okenn fakti. Pwogram lan p ap koute ou okenn lajan. Si pitit ou an gen kouvèti asirans Medicaid, nou pral voye fakti pou sèvis dantè nou bay yo nan Medicaid. Tout sèvis ki gen kouvèti asirans Medicaid p ap koute ou lajan.

### Pou pitit ou an benefisye sèvis sa yo, ou dwe:

- Ranpli toude fòm yo ak plim
- Ranpli chak kesyon ki gen sou fòm yo
- Siyen epi mete dat sou toude fòm yo
- Retounen toude fòm yo bay pwofesè pitit ou an
  1. Fòm Pèmisyon
  2. Fòm Lansman Sèvis yo – (Siyen Pati VI)

SEALY™

\*\*Pwogram sa a pa ranplase yon kontwòl konplè yon dantis\*\*

Si gen kesyon sou pwogram sa a,  
tanpri rele 954-847-8196



**Dan Natirèl**



**Dan ki gen Mastik**

**Kisa mastik pou dan yo ye?** Mastik pou dan yo se yon ti kouch plastik tou mens yo mete nan fant ki gen sou sifas dan kote ou moulen an sou dan dèyè yo k ap pwoteje dan yo kont kari. Majorite kari dantè timoun ak adolesan yo genyen se sou sifas sa ke yo parèt. Mastik yo pwoteje sifas pou moulen an kont kari dantè yo poutèt li anpeche jèm ak kras manje yo rete kole nan fant yo.

**Sou ki dan yo mete mastik yo?** Molè definitif yo se yo menm ki gen plis chans pou benefisyé mastik yo. Jeneralman premye molè yo parèt nan bouch yon timoun lè li gen 6 lane. Dezyèm molè yo parèt a 12 zan. Li pi bon si yo aplike mastik lan tousuit aprè dan yo fin parèt, avan menm kari gen chans pou kouvrir yo.

**Kijan yo aplike mastik yo?** Pwosesis lan kout ak fasil. Aprè yo fin netwaye dan an, yo pase yon jèl sou sifas pou moulen an pandan kèk segonn. Yo lave ak seche dan an, apresa yo pase mastik lan sou dan an. Yo ap aplike yon limyè sou dan an ki pou ede mastik lan vi di. Sa ap pran anviwon yon (1) minit pou mastik lan fòme yon baraj pwoteksyon.

**Èske mastik yo bay dan yo yon lòt sansasyon?** Menm jan ak nenpòt bagay yo mete nan bouch lan, yon timoun kapab santi mastik lan ansanm ak lang li. Mastik yo fen anpil epi se sèlman fant dan dèyè yo li plen.

**Konbyen tan mastik yo pral dire?** Yon mastik kapab dire plizyè. Yo kapab detache pi fasil si pitit ou an ap manje bonbon ki kole. Yo dwe verifye mastik yo pandan randevou regilye lakay dantis epi yo kapab aplike li ankò si yo sòti.

### **Kijan mastik yo kapab koresponn ak yon pwogram tretman dantè preventif?**

Mastik yo fè pati yon ansanm nan swen dantè preventif pou yon timoun. Yon pwogram swen dantè preventif konplè tankou fliyord, bwose de (2) fwa chak jou, chwazi manje ki ekilibre yo, epi swen dantè regilye.

**Èske yo kapab mete mastik sou kari yo?** Yo kapab mete mastik yo nan zòn ki afekte yo pou anpeche gen plis domaj nan dan an. Estandone mastik yo transparan, dantis ou an kapab voye yon je sou dan pou li asire li mastik lan ap fè travay pa li a.

### **Poukisa li preferab pou plonbe yon dan olye pou rete tann kari an fin devlope epi bouche li?**

Domaj kari yo bay dan yo pa ka repare. Mastik pwoteje yo. Mastik yo kapab ekonomize tan, lajan, ak malèz ki asosye ak plonbe dan yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon:

<https://www.cdc.gov/oralhealth/publications/faqs/sealants.htm>

<http://www.mouthhealthy.org/en/az-topics/s/sealants>



# Voye tounen fòm sa a nan lekòl ptit ou an!

## FÒM PÈMISYON

(Lekòl)

Florida Department of Health in Broward County  
(Depatman Sante Florida nan Konte Broward)  
Pwogram Swen Dantè ak Silikòn

(Pwofesè a ak Klas li)

Tanpri konplete **TOUT** seksyon ki gen nan fòm sa ak **PLIM**

Non Timoun lan \_\_\_\_\_ Dat Nesans \_\_\_\_\_ Sèks  Gason  Fi  
NON FANMI Prenon Dezyèm Prenon mm/jj/aaaa

Adrès Ri a \_\_\_\_\_ Vil: \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_

Ras  Blan  Nwa/Ameriken Nwa  Endyen Ameriken/Alaskyen Natifnatal  Azyatik  
 Awayen/Abitan Zile Pasifik yo

Gwoop Etnik  Ispanik  Pa Ispanik Lang Matènèl \_\_\_\_\_

### Istwa Sante Timoun nan:

- |  |   |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | <b>Èske pa gen okenn pwoblèm medikal?</b><br>Si repons lan se wi, tanpri enimere: _____           |
| <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | <b>Èske timoun ou an fè alèji ak kenpòt bagay?</b><br>Si repons lan se wi, tanpri enimere: _____  |
| <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | <b>Èske ptit ou an gen yon medikaman l ap pran?</b><br>Si repons lan se wi, tanpri enimere: _____ |

Depi mwen siyen fòm sa a, mwen bay pèmisyon pou ptit mwen an patisipe nan pwogram  
swen dantè prevantif ki pral fèt nan lekòl li an.

Manman  Papa  Responsab Legal

Paran/Responsab Legal (An Lèt Detache): \_\_\_\_\_

Siyati: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Telefòn: Kay \_\_\_\_\_ Selilè \_\_\_\_\_

**TANPRI VALE PAJ LA.**  
**OU DWE SIYEN DO PAJ SA A POU PATISIPE.**

## KÒMANSMAN SÈVIS

### **PATLI**

### **KONSANTMAN RELASYON ANT KLIYAN AK PWOFESYONÈL SWEN SANTE A**

Non Kliyan an:

Non Ajans lan: [FLORIDA DEPARTMENT OF HEALTH IN BROWARD COUNTY](#)

Adrès Ajans lan: [780 SW 24th STREET, FORT LAUDERDALE, FL 33315](#)

Mwen bay konsantman m pou antre nan yon relasyon ant kliyan ak founisè. Mwen otorize pèsonèl Depatman Sante a ak reprezantan l yo pou yo bay swen sante woutin. Mwen konprann swen sante woutin nan konfidansyèl epi se si mwen vle m ap resevwa l, epi li ka gen vizit medikal tankou pou jwenn dosye medikal, evalyasyon, egzamen, bay medikaman, tès laboratwa ak/oswa ti pwosedi piti. Mwen ka sispann relasyon sa a nenpòt lè. Lè mwen mete inisyal mwen sou liy sa a, mwen rekonèt yo te ban mwen yon Fich Enfòmasyon sou Konsantman Eklere Telesante mwen bay konsantman mwen pou yo banm kèk sèvis pa mwayen telesante. Mwen kapab anile konsantman mwen an nenpòt moman pou yo sispann sèvis telesante yo san sa pa afekte dwa mwen genyen pou benefisyé swen oswa tretman alavni.

### **PATLI**

### **KONSANTMAN POU PATAJE ENFÒMASYON** (tretman, peman oswa operasyon swen sante sèlman)

Mwen dakò pou yo itilize ak pataje enfòmasyon sou sante mwen; ki gen ladan swen medikal, swen pou dan, VIH / SIDA, MST, TB, prevansyon konsomasyon sibstans, sokyatrik / sikolojik, ak jesyon dosye; pou tretman, peman ak operasyon swen sante. Anplis, mwen bay konsantman mwen pou yo pataje enfòmasyon sou sante mwen nan Echanj Enfòmasyon sou Sante (Health Information Exchange, HIE) lan, ki bay biwo doktè k ap fè tretman, lopital, kowòdonatè swen yo, laboratwa, sant radyografi yo, ansanm ak lò pwofesyonèl swen sante yo aksè pa mwayen ki gen sekirite epi anliy. Si ou pa chwazi pataje enfòmasyon ou yo nan HIE an, ou kapab dezenskri lè w fè demann epi siyen yon fòm Dezenskripsyon HIE an.

### **PATLI**

### **SÈTIPIKA PASYAN MEDICARE, OTORIZASYON POU PATAJE ENFÒMASYON, AK DEMANN POU PEMAN** (Aplike sèlman pou Kliyan Medicare yo)

Kòm Kliyan/ Reprezantan ki siyen anba a, mwen sètifye enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon pou peman daprè Tit XVIII Lwa Sekirite Sosyal la kòrèk. Mwen otorize ajans ki endike anwo a pou pataje enfòmasyon sou sante mwen bay Administrasyon Sekirite Sosyal la oswa entèmedyè/founisè sèvis li yo pou reklamasyon Medicare sa a oswa yon lòt ki gen rapò ak li. Mwen mande pou peye avantaj otorize yo pou mwen. Mwen transfere avantaj pou peye sèvis doktè bay ajans ki site pi wo a epi otorize li soumèt yon demann pou peye bay Medicare.

### **PATLI**

### **TRANSFÈ AVANTAJ** (Aplike sèlman pou Antite Peman Endepandan)

Kòm Kliyan/ Reprezantan ki siyen anba a, mwen bay ajans ki endike anwo a tout avantaj yo bay nan nenpòt plan swen sante oswa politik depans medikal. Montan avantaj sa yo pa dwe depase chaj depans medikal ki etabli nan tablo frè ki apwouve a. Tout peman dapre paragraf sa a dwe fèt pou ajans ki pi wo a. Mwen pèsonèlman responsab pou depans ki pa fè pati otorizasyon sa a.

### **PATLI**

### **REKOUVREMAN, ITILIZE, OSWA BAY NIMEWO SEKIRITE SOSYAL**

(Nou bay avi sa a dapre Seksyon 119.071 (5) (a), Lwa Florida yo.)

Pou pwogram swen sante yo, Depatman Sante Florida a ka pran nimewo sekirite sosyal ou pou identifikasyon ak pou faktirasyon, jan sa otorize nan souseksyon 119.071 (5) (a) 2.a. ak 119.071 (5) (a) 6, Lwa Florida yo. Depi mwen siyen anba a, mwen dakò pou yo kolekte, itilize oswa bay nimewo sekirite sosyal mwen pou rezon idantifikasiyon ak faktirasyon sèlman. Yo pa pral itilize l pou okenn lòt rezon. Mwen konprann se yon obligasyon pou Depatman Sante Florida a kolekte nimewo sekirite sosyal yo pou li akonpli tach ak asime responsabilite lalwa ba li.

### **PATLI**

### **SIYATI MWEN ANBA LA A KONFIME ENFÒMASYON KI ANWO YO EPI LI DI MWEN TE RESEVWA AVI KONSÈNAN DWA KONFIDANSYALITE YO**

Siyati Kliyan/Reprezantan an

Relasyon Mwen oswa Reprezantan an genyen ak Kliyan an

Dat

Temwen (fakiltatif)

Dat

### **PATLI**

### **ANILASYON KONSANTMAN AN**

Mwen, \_\_\_\_\_ ANILE KONSANTMAN SA A, apati \_\_\_\_\_  
Siyati Kliyan/Reprezantan an  
Dat